ISSN 2181-

# XORMEYSTER AYJAMAL TÓREMURATOVA

Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası
Nókis Filialı, "Ulıwma kásiplik hám social
gumanitar pánler" kafedrası Muzıkatanıw bólimi 2-kurs studenti
**Abdikarimova Indira Toxtarbay qızı**
Ilimiy basshı:**Kamalova Gúlmaryam Maksetdullaevna**

**Annotaciya:** Bul maqalada xor tarawında kóp jıldan berli, miynet islep balalarǵa bilim berip kiyatırǵan Ayjamal Jiemuratova Marqabaevnanıń ómiri haqqında aytıp ótilgen.

**Gilt sózler:** Muzıka mádeniyatı, qaraqalpaq, xor, kórkem óner, ádebiyat, fortepiano.

**Аннотация:** В статье рассказывается об Айжамале Жиемуратовой Маркабаевне, много лет проработавшей в хоровом отделении, обучая и воспитывая детей.

**Ключевые слова**: Музыка , каракалпак, хор, художественное искусство, литература фортепиано.

**Annotation:** This article describes the life of Ajamal Jiemuratova Markabayevna, who has been teaching children for many years in the choral department..

Key words: music medium, karakalpak, choir, art, literature, and piano.

Qaraqalpaq muzıka mádeniyatında tek baqsı-jıraw, xalıq saz ásbapları bólimleri menen sheklenip qalmay, xor jónelisinde de rawajlanıwlar ele de alǵa súrilmekte. Atap aytatuǵın bolsaq, óziniń bilimin ayamay balalarǵa tálim-tárbiya beriwde sharmay miynet islep kelgen xor bólimi qániygesi Ayjamal Marqabaevna haqqında usı



maqalada aytıp ótiledi. Jiemuratova Ayjamal Marqabaevna 1979-jılı 6-oktyabr Nókis qalasında ziyalılar shańaraǵında tuwılǵan. Ol qaraqalpaq muzıkasınıń kórnekli wákili, «Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen kórkem-óner ǵayratkeri», kompozitor, pedagog,

qaraqalpaq muzıkasınıń jan kúyeri Marqabay Jiemuratov hám Qaraqalpaq ádebiyatında ornı girewli shayırımız «Qaraqalpaq xalıq shayırı» Nábiyra Tóreshovanıń shańaraǵında tórtinshi perzent bolıp dúnyaǵa kelgen. Qaraqalpaq ádebiyatı hám mádeniyatınıń qos arısı bolǵan bul shańaraqta ulıwma 5 perzent tuwılıp kámalǵa keledi. Ata-anaları perzentlerin kóz-qarashıǵınday asırap, olarǵa insaniylıqtıń eń ullı páziyletlerin sińdirip, tárbiyalaydı. Shańaraqtaǵı perzentleriniń jaqsı insanlar bolıp jetilisiwi, ilimli, bilimli, óner iyeleri bolıwı ushın at salısıp miynet etken. Olardıń 5 perzentide ádebiyatqa, muzıkaǵa qızıǵıwshı talantlı, kewil kózi ashıq insanlar bolıp jetilisti. Bos waqıtlarında turaqlı túrde ádebiy kıtaplar (roman, povest, gúrrıń, qosıqlar) oqıytuǵın edi. Sonıń menen birge jaqsı dóretilgen qosıqlar, muzıkalar olardıń ajıralmas joldası, sırlası boldı.

Jiemuratov Adilbay 1972-jılı 2-mayda Nókis qalasında tuwılǵan. Ol 1989-jılı Nókis qalasındaǵı 24-sanlı ulıwma mektebin pitkeredi, soń 2 jıl áskeriy xızmetti Germaniyada ótep qaytadı. Áskeriy xızmetten kelgennen soń Berdaq atındaǵı QMU jurnalistika bólimine oqıwǵa kirip 1997-jılı pitkerip shıǵadı. Bunnan keyin «Qaraqalpaqstan jasları» gazetasında xabarshı, soń KRIIM málimleme jurnalist bolıp islemekte. Jiemuratov Dawıtbay 1974-jılı 16-avgustta Nókis qalasında tuwılǵan, orta mektepti 1991-jılı pitkerip 18-kásip óner uchelishesinde oqıp bilim aladı. Házirgi kúnde QMU elektrik lawazımında jumıs islep kelmekte. Jiemuratov Quwanısh 1976-jılı 1-avgustta Nókis qalasında tuwılǵan. 18-kásip óner uchelishesinde telemaster bólimin pitkeredi. Házirgi kúnde qalamızdaǵı «Kristal» xalıqqa sociallıq xızmet kórsetiw orayında jumıs islemekte. Jiemuratova Biybisánem 1981-jılı 2-iyulda Nókis qalasında túwılǵan. QMU matematika hám informatika bólimin pitkerip házirgi kúnde Moynaq rayonındaǵı «Qazaqdárya» APJ aymaǵında 14-sanlı mektepte muǵallim bolıp islep atır.

Jiemuratova Ayjamal Marqabaevna 1979-jılı 6-oktyabrde Nókis qalasında tuwılǵan. Shańaraqta ata-anasınıń miyrimine qanıp ósken Ayjamaldıń muzıkaǵa qızıǵıwshılıǵı balalıǵınan oyandı. A.Jiemuratova esin tanıǵanlı beri dasturxan basında ákesiniń hám anasınıń muzıka hám ádebiyat haqqında pikirlerin tıńlap qulaǵı úyrenip

ósti. Ol muzıkaǵa basqasha mehir menen qaradı, sebebi muzıka álemi onıń sharapatlı ata kásibi edi. M.Jiemuratov qızı Ayjamaldı muzıka mektebine akkordeon bólimine hám sińlisi Biybisánemdi fortepiano bólimine oqıwǵa beredi, olar ekewi de tez arada ásbaplardı shertip ketedi. Soń ayırım sebeplerge bola muzıka mektebinde oqıwın dawam ettiriw nesip etpeydi. A.Jiemuratova 1996-jılı Nókis qalasındaǵı 9-sanlı orta mektepti pitkerip shıǵadı. 2004-jılı J.Shamuratov atındaǵı kórkem-óner uchelishesin xor dirijyorlıǵı boyınsha Zamira Mámbetova klasında oqıp pitkeredi. Uchelishede ullı ustazlar Qaraqalpaq xalıq artisti Abdijabbar Mámbetov, Aypara Tólepova, Ulbiybi Abdullaeva, Gúlmaryam Kamalova, Rayxan Kamalovalardan sabaq alıp muzıkalıq bilimin tereńlestirdi.

2004-jılı paytaxtımızdaǵı 9-sanlı ulıwma bilim beriw mektebine muzıka páni muǵallimi bolıp jumısqa ótedi. 2010-jılı Berdaq atındaǵı QMU muzıkalıq tálim faktetin (sırttan) pitkerip shıǵadı. Universitette ustazları «Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kórkem-óner ǵayratkeri», professor Q.Zaretdinovtan, professor Paxratdin Palwaniyazov, G.Kamalova alǵan bilimleri onı muzıkaǵa bolǵan dúnya qarasın hám qızıǵıwshılıǵınıń jánede rawajlandırıp, bilimlerin tereńlestiriwine sebep boladı. 9-sanlı ulıwma bilim beriw mektebinde balalarǵa muzıka páninen sabaq berip qoymastan mektepte xor jámáátin dúzip, hám qala kóleminde bolatuǵın qosıq



festivallarına belsendi qatnasıp keledi. 2017-jıldan baslap Qaraózek rayonlıq 16-sanlı BMKOM da xor atqarıwshılıǵı páninen sabaq bere baslaydı.Oqıwshılarǵa tek ǵana xor qosıqların atqarıw sırların úyretip qoymastan, mektepte bolıp ótetuǵın koncert baǵdarlamalarına da xor qosıqları menen aktiv qatnasıp keledi.

2020-jılı Nókis qalasındaǵı 1-sanlı Esjan baqsı atındaǵı BMKOM de óz miynet jolın dawam ettiredi. Esjan baqsı atındaǵı bul oqıw dárgayı respublikadaǵı eń ullı, eń úlken hám 85 jıldan artıq tariyxqa iye dárgay bolıp esaplanadı. Bul jerde óz miynet jolın dawam ettiriw nesip etkenine qattı quwanıshlı bolǵan A.Jiemuratova

ózindegi bar kúsh jigerin, bar talantın keleshek áwladlarımız bolǵan jaslardıń muzıkalıq bilimin asırıwǵa, xor jámááti menen birgelikte úlken-úlken koncertlerge, qatnasıwdı óz aldına maqset etip qoyadı.



Bul maqset jolında házirge kúnde ol óz ústinde islep, talantın, imkaniyatların rawajlandırıp, tınımsız miynet islep kelmekte. Jáhánniń eń dúrdana balalar xor shıǵarmalarınan tartıp, milliy xor qosıqlarımızǵa shekem balalarǵa úyretip, mektep xor jámáátiniń repertuarların jańa xor shıǵarmalarınıń atqarıwı menen bayıtıp atır. Mektepte ótkerilip atırǵan belgili sánelerge arnalǵan koncert baǵdarlamalarında xor jámáátine xormeysterlik etip kelmekte. 2023-jılı 1-oktyabr «Ustazlar hám oqıtıwshılar» bayramı múnásebeti menen mektep hákimshiligi tárepinen «Húrmet jarlıǵı» menen sılıqlandı.

A.Jiemuratovanıń ele aldına qoyǵan wazıypaları júda kóp.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Qaraqalpaqstan kompozitorları, muzıka dóretiwshileri hám izertlewshileriniń antalogiyası. Nókis “Qaraqalpaqstan” 2024

2. G.M.Kamalova. Kompozitor Dariko Djanabaeva. Nókis “Ilimpaz” 2023-j.

3. Kamalova Gulmaryam, ., & Ko‘zibayeva Mahinur Hamroyevna, . (2024). MARKAZIY OSIYO MAMLAKATLARIDA XOR SAN’ATINING RIVOJLANISHI. Международный журнал теории новейших научных

ISSN 2181-

исследований, 2(9), 96–99. извлечено от https://inlibrary.uz/index.php/ijrs/article/view/60157

4. Charshemov, J., & Orazalieva , G. (2024). BAROKKO DÁWIRINIŃ GARMONIYASÍ. Вестник музыки и искусства, 1(3), 49–53. извлечено от https://science.uzdknf.uz/index.php/science/article/view/144

5. XORMEYSTER MÁMBETOVA ZAMIRA ABDIJABBAROVNANIŃ QARAQALPAQ MUZIKA MÁDENIYATINA QOSQAN ÚLESI. (2025). *Ustozlar Uchun*, *65*(2), 270-273. https://pedagoglar.org/02/article/view/6998

6. QARAQALPAQSTANDA XOR RAWAJLANIWINDA XORMEYSTER ÓTENIYAZOVA BÁHÁRGÚL XOJANIYAZOVA TUTQAN ORINI. (2025). *Ustozlar Uchun*, *65*(2), 264-269. https://pedagoglar.org/02/article/view/6995

7. Kamalova G. QÁLEMI ÓTKIR KOMPOZITOR (D. Djańabaeva dóretiwshilik jolı) //Вестник музыки и искусства. – 2023. – Т. 1. – №. 2. – С. 37-39.

8. Kamalova G. JAMIL CHARSHEMOVTÍŃ "POPURRI" SHÍǴARMASÍNÍŃ ÓZGESHELIGI //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 4. – С. 52-57.